

# Ede Kenbe Kat EBT Ou ak Avantaj DTA Ou yo an Sekirite!



Kreye yon nouvo PIN EBT anvan chak emisyon:

1. Rele nimewo ki sou do kat ou a: 800-997-2555.
2. Chwazi lang ou.
3. Antre nimewo a ki nan devan kat ou an.
4. Peze 2.
5. Antre 4 dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal ou (SSN). Si w pa gen yon SSN, antre 4 dènye chif nimewo 99 w la DTA te ba w la.
6. Antre Dat Nesans ou (mwa/jou/ane – 2 chif pou mwa, 2 chif pou jou, 4 chif pou ane). Pa egzanp, 12 01 1989 pou 1ye desanm 1989.
7. Antre NOUVO PIN 4 chif ou a; apres, antre nan li ankò. Chwazi yon PIN ki diferan ak tout PIN anvan yo.

**Sa a se pi bon fason pou eseye pwoteje avantaj ou yo si yo te vòlè enfòmasyon kat ou a.**

Si w ap resevwa asistans lajan kach nan TAFDC oswa EAEDC, mande pou yo depoze avantaj ou yo sou kont labank ou. Rele manadjè ka w la pou kreye depo dirèk.



Aprann plis: [Mass.gov/ProtectYourEBT](https://www.mass.gov/ProtectYourEBT)

